InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH
178
EDICIÓN 2022
WOLOF

Ame takhawou si sa wérgou yarame fi dekou Communauté bou Madrid pour nites gni diogué si bitime réw té amou gnou waréf ak yéléf pour ame séne cartou wérgou yarame



Fi si Communauté bou Madrid dieule nanou ayes matouwaye you takhes, nites gni amoul waréf ak yéléf pour ame séne cartou wérgou yarame comme niko nites gni deug fi di amé, dounou ko meuna ame, dinagnouye dianko ak ayes diafé diafés.

Boudé ndagua nék fi té amo ays kéyites:

Yone may nala nga ame takhawaye si lou are sa wérgou yarame si dara

1. Ndagua wara woute keyitou mairie biye firndéle fi nga deuk.
2. Ak keuyite bobou, bochi meuné woné am nga niaty wéres si sa dekhouwaye, meune nga déme si keury doctor bi gueneu diégué sa keur pour dieule dioko si djourome niary keurs yiye topato takhawou si wérgou yarame.
3. Si keur gogou di topato takhawou wérgou yarame, meune nga lache kéyite bi toudou DASE (Kétite biye diokhé waréfe ak yéléfe si takhawaye si wérgou yarame), moye kéyite mi gokhou Madrid diokhe gni diogué bitime réwe te amouyou kéyites. Kéyite bobou di DASÉ, dina la maye takhawaye si faneu yeupe yi dieume si sa wérgou yarame si réwmi, bolé chi ordonances boye faye 40% si dieugueme. Dinga ko amé si niarry ates, meune nanou ko yésalate sa bo diokhé kéyites yi gnou sokhla. Kéyites yi nga wara diokhé: kéyite bi koye lache, sa pasport ak sa kéyite biye firdéle fi nga deuk.
4. Sa bou dioté kéyite bobou DASÉ, warga woute dioko ak sa doctor bi gnou la diagléle si sa keurou wérgou yarame. Mome dina la yabale si keurou doctor yi séne khame khame mache si diangoro ak padioume VIH

Bo chi beugué khame lou beurri, dougueule si page web bi:

Boudé dangaye niane keuyitou asile:

Ame nga saye saye si takhawayou wérgou yarame bo doule faye dara, name ya ngui yoré keuyitou daw lakhou si béneéne réw si adina

1. Warnga amé keuyitou sa deukouwane si sa mairie gokhe.
2. Bodé dawe lakhou si asile, war nga yoré béne keuyite bouye firndéle né mome nga (keuyite bou khonke wala keuyite bou wékhe binou laye diokhe bo ladjé dawe lakhou si béneéne réw si aduna).
3. War nga déme si keurou doctor bi gueuna diégué sa keur, da di dieule apes penko ak gniyes topato keuyite bobou, pour gnou takhawoula banga meuna fadjou sa boula nékhé.
4. Si fofou gnouye topato keuyitou ame takhawaye si wergou yarame, lache sa DASPI (di keuyite bi la diokhe takhawou si wergou yarame bode, ayes dawe lakhou) DASPI dina la diokhe takhawou si wergou yarame si lépeu li dieume si wérgou yarame si réwmi, bolé chi ordonances boye faye 40% si djieugueume. Keuyite bobou, sa amna diroube dounde bou méle ni sa keuyite bou khonke bi wala bou wékhe bi. Keuyites yin gaye diokhé boye woute keuyitou wérgou yarame: formulaire boye khatime sa toure ak dekouwaye, sa keuyitou touki, sa keuyitou dekouwaye bou mairie ak sa keuyitou dawe lakhou, keuyite bou khonke bi wala bou wékhe bi té mou bakhe di dokhe.